Утверждаю:
Зам. дир. по УВР

МКОУ «Чиркатинская СОШ»

# Рагъараб дарс

## 7 класс

# «Каламалъул бут1аби такрар гьари»





Х1адурана: авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим Мух1амадова Хадижат Р.

Тема: **Каламалъул бут1аби такрар гьари.**

Мурад: (ТДЦ-триединая дидактическая цель)

1. Лъай кьеялъул: каламалъул бут1аби рак1алде щвей, малъараб щула гьаби .
2. Калам цебет1езаби
3. Тарбия кьей

Дарсил ин.

Рорч1ами лъимал! Рагье тетрадал, хъвай жакъасеб къо-моц1. Балагье экраналде .
Кколелъур х1арпалги лъун коч1ол мухъал ц1але.

**1.** Боржунеб жо хъвач1е… чаран кьурулъе
Лъил х1и…а бергьараб, гьит1ина… Г1али?
Чанил малъ к1ут1ич1е… дир бусеналде
Лъил макру бегьара…, лъик1а… бах1арчи?

Лъил х1акъалъулъ гьаб кеч1?
Автор щив коч1ол?
Гьоркьор риччарал х1арпазул бит1унхъваялъул бице.
Х1илла – макру абурал раг1аби щал кколел?
Синонималин кинал раг1абазде абулел?

Кеч1 цо-цоккунги кьералккунги ц1ализабила ц1алдохъабазда.
Кеч1 хъвазабила рак1алда ч1овухъе.

**2.** Сундасан г1уц1ун ругел гьал коч1ол мухъал?(раг1абаздасан)
Сундуе нилъее раг1аби къвариг1унел?(нилъерго пикру загьир гьабизе, гьабизе къвариг1араб бицине, рек1ел х1алалъул бицине).
Цого суалазе жаваблъунги рач1унел, цого грамматикиял г1аламаталги ругел раг1аби рикьун рук1уна группабазде?(каламалъул бут1абазде).
Жакъасеб дарсил тема кинаб бугин кколеб нужеда?

Чан каламалъул бут1а нужеда лъалеб?
Рач1а гьел рехселин.
Щибаб каламалъул бут1аялъул рук1уна жиде-жидее хасиятал суалал ,грамматикиял г1аламатал.
Бищун ц1ик1к1ун кинал каламалъул бут1аби нилъеца х1алт1изарулел?
Щайха нилъеца гьалщинал каламалъул бут1аби х1алт1изарулел?(калам пасих1лъизе, берцинлъизе, ц1обазе, маг1на г1ат1ид гьабизе).

**3.**Рокъобе кьун бук1ана каламалъул бут1аби такрар гьаризе. Гьелъул хал гьабила таблицаялъул кумекалдалъун

| Каламалъул бут1аби | Бихьизабула | Суал | Грамматикиял г1аламатал | Мисал |
|---|---|---|---|---|
| Предметияб ц1ар | предмет | Щиб?(-й,-в,-л) | Падеж,жинс,форма | |
| Прилагательное | Предметалъул хасият-сипат | Кинаб?( -й,-в,-л) | Падеж, жинс, форма | |
| Ц1арубак1 | Пр. ц1., рик1к1., прилаг. | Жиб хисараб к. б. суалал | Падеж, форма, жинс | |
| Рик1к1ен | Предметалъул къадар,ирга | Чан? Чанабилеб? | Падеж, жинс | |
| Глагол | Предметалъ гьабулеб иш | Щиб гьабураб? | Заман, жинс,форма, наклонение | |
| Наречие | Иш лъугьараб куц,бак1, заман, къадар, г1илла-мурад | Кин?Кида?Киб?Киг1ан? Щай? | Формабазде хисуларо | |

Г1урус мац1алда чан каламалъул бут1а бугеб?

| Части речи | значение | вопрос | Грамматические признаки |
|---|---|---|---|
| Имя существительное | предмет | Кто?<br>Что? | Род, число, падеж, одушевлённость, собственное/нарицательное |
| Имя прилагательное | Признак предмета | Какой?<br>Какая?<br>Какое?<br>Какие? | Род, число, падеж |
| Глагол | Действие предмета | Что делать?<br>Что сделать? | Спряжение, время, лицо, число, род(в прошедшем времени) |
| Наречие | Признак действия | Как? Где?<br>Куда? Когда? | Неизменяемая часть речи. |
| Местоимение | Указывает на предмет | Кто? Что? | Лицо, число, род, падеж |
| Имя числительное | Количество предметов и порядок их при счёте | Сколько?<br>Который? | Количественное/порядковое |

**4.**Ралагье т1ехьалде, гьумер202, х1алт1и4 . Х1алт1улъ ругел ч1ег1ерхъварал раг1аби кинал каламалъул бут1абилъун ккун ругел.

**5.**Коментированный диктант.

Их т1аде щвана, ва х1анч1азул берцинал бакънал раккизе лъугьана. Предложениялда жанир глаголал ва прилагательное бате. Лъалхъул ишарабазе баян кьела.

**6**.Карточкабаздасан х1алт1и.Камурал х1арпал лъе, ч1ег1ерхъварал раг1аби кинал каламалъул бут1абилъун ккун ругелали т1ад хъвала.

Исана **н...жеца** ц1иял **ахал гьаруна.**

**Бец1(хъах1илаб)** ралъад гьелчелеб бук1ана.

Гьел данделъ...ла щ...баб моц1рол **анц1ила лъабабилеб** къоялда.

Цох1о(го) цо г1унгут1и бук1ана **гьесул**.

Расулица тетрадь **кидаго** бац1...ад ц1унула.

Физминутка:

1ряд – пр. ц1., 2ряд – прилаг., 3ряд – ц1арубак1

Стол, щивалиго, къвак1араб, дие, ц1алдохъаби, баг1араб, нужер, доска, к1удияб.

**7**.Кинаб каламалъул бут1а т1ок1аб. (к1и-к1иккун гьабизе)

1.Гьудул, гьудуллъи, гьудулзаби, гьудуллъизе.

2.Щуго, щуабилев, щуабизе, щуб, щуазарго.

3.Берцинаб, баг1араб,бицалъараб, бац1ц1ададаб.

Предложение ургъизе гьудул абураб раг1и гъорлъе ккезабун.

**8**. Гьудуллъиялъул х1акъалъулъ кицаби рицине.

Гьудул нусгоги дагьав, тушман цоги г1емерав.

Гьудуллъи багьадурасулгун гьабе.

Дур гьудул щиван бице, мун щивали бицина.

Рет1ел ц1ияб лъик1аб, гьудул басрияв лъик1ав.

Унго-унгояв гьудул- лъуг1ел гьеч1еб хазина.

Ц1. Х1амзатица щиб гьудуллъун кквеян абун бугеб ?

**9**. Х1асил- тест(лъималазухъе рикьила):

**1.Прилагательноялъ бихьизабула:**

А). предмет; б) предметалъул хасият сипат; в) предметалъ гьабулеб иш.

**2.Рик1к1еналъ бихьизабула:**

А) предметалъул ирга; б) иш лъугьараб бак1; в) предметалъул къадар ва ирга.

**3.Глаголалъ бихьизабула:**

А)иш лъугьараб бак1; б) предметалъул хасият сипат; в) предметалъ гьабулеб иш.

**4. предметиял ц1арал рихьизаре:**

А)гвангъараб, роц1араб; б) зоб, ц1ваби; в) кенч1езе, раккизе.

**5.Наречиял рихьизаре:**

А)чуризе, бац1ц1ине; б)чехьат1аде, г1агарлъухъ; в)рукъалда аск1об, минаялда г1агарлъухъ.

**6. Прилагательноял рихьизаре:**

А) г1урччинаб, бац1ц1адаб б); борхалъараб, бицалъараб; в) г1урччинлизе, бац1ц1алъизе.

**7. Глаголал рихьизаре:**

А)рекеризе, расандизе; б)рекъел, улка; в)гьедиг1ан, дов.

Тесталъе жавабал:

1 – б, 2 – в, 3 - в, 4 – а, 5 – б, 6 – а, 7 – а.

**9. Рокъобе х1алт1и**. Таблица ц1езабизе мисалалги хъван.

Щиб дарсида рак1алде щвезабураб?

Кинал каламалъул бут1аби нужеда лъалел?

Сундуе нилъее къвариг1унелбат1и-бат1иял каламалъул бут1аби?

**Камурал х1арпал лъе, ч1ег1ералъ хъварал раг1аби кинал каламалъул бут1абилъун ккун ругелали т1ад хъвай.**

**1.Исана н...жеца ц1иял ахал гьаруна.**

**2.Бец1...хъах1илаб ралъад гьелчелеб бук1ана.**

**3.Гьел данделъула щиба... моц1рол анц1ила лъабабилеб къоялда.**

**4.Цох1ого цо г1унгут1и бук1ана гьесул.**

**5.Расулица тетрадь кидаго бац1...ад ц1унула.**

# ТЕСТ

**1.Прилагательноялъ бихьизабула:**

а) предмет;

б) предметалъул хасият сипат;

в) предметалъ гьабулеб иш.

**2.Рик1к1еналъ бихьизабула:**

а) предметалъул ирга;

б) иш лъугьараб бак1;

в) предметалъул къадар ва ирга.

**3.Глаголалъ бихьизабула:**

а)иш лъугьараб бак1;

б) предмет;

в) предметалъ гьабулеб иш.

**4. Ц1арубак1ал рихьизаре:**

а)щивалиго, кинавалиго;

б) зоб, ц1ваби;

в) кенч1езе, раккизе.

**5.Наречиял рихьизаре:**

а)чуризе, бац1ц1ине;

б)чехьат1аде, г1агарлъухъ;

в)рукъалда аск1об, минаялда г1агарлъухъ.

**6. Прилагательноял рихьизаре:**

а) г1урччинаб, бац1ц1ададаб;

б)борхалъараб, бицалъараб;

в) г1урччинлизе, бац1ц1алъизе.

**7. Глаголал рихьизаре:**

а)рекеризе, расандизе;

б)рекъел, улка;

в)гьедиг1ан, дов.

| Каламалъул бут1аби | Бихьизабула | Суал | Грамматикиял г1аламатал | Мисал |
|---|---|---|---|---|
| Предметияб ц1ар | Предмет | Щиб?(-й,-в,-л) | Падеж, жинс, форма хасал\г1аммал ц1арал | |
| Прилагательное | Предметалъул хасият-сипат | Кинаб?( -й,-в,-л) | Жинс, форма | |
| Ц1арубак1 | Пр. ц1., рик1к1., прилаг. бак1алда х1алт1изабула | Щиб?(-й,-в,-л) Кинаб?( -й,-в,-л) Киг1анаб? | Падеж, форма, жинс, гьумер | |
| Рик1к1ен | Предметалъул къадар,ирга | Чан? Чанабилеб? | Ирга\къадар | |
| Глагол | Предметалъ гьабулеб иш | Щиб гьабураб? | Заман, жинс, форма, наклонение | |
| Наречие | Иш лъугьараб куц,бак1, заман, къадар, г1илла-мурад | Кин? Кида? Киб? Киг1ан? Щай? | Формабазде хисуларо | |

РОССИЙСКАЯ ФЕДЕРАЦИЯ * МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ КАЗЕННОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "ЧИРКАТИНСКАЯ СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА" ("ЧИРКАТИНСКАЯ СОШ") ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН с. ЧИРКАТА * ОГРН 1020501743426